

## PANGAJARAN TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

### A. NYARITA

#### 1. *Ngalaporkeun Informasi*

#### **Tujuan:**

13. Siswa mampu berinteraksi dengan orang lain baik secara lisan maupun tertulis.

*Ieu di handap aya informasi "Tarekah Ngaronjatkeun Hasil Tatanen" rekaman biantara nu geus disalin kana basa tulis (ditranskripsikeun).*

## TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

Pangwangunan di Indonesia tuluy-tumuluy dihangkeutkeun ku masarakat nu dipingpin ku pamarentah. Tarekah pikeun nyukseskeun pangwangunan, di antarana ku cara ngaronjatkeun hasil tatanen. Pikeun ngaronjatkeun hasil tatanen urang kudu ngagunakeun ilmu, saperti ilmu pancausaha tani.

Pancausaha tani teh: ngolah taneuh, milih bibit/binih, nyebor, ngabasmi hama, jeung ngaberak. Ieu teh bisa dilaksanakeun, boh pikeun tani di sawah, boh pikeun tani di darat (palawija). Pikeun tatanen darat upamana ieu di handap.

#### 1) *Ngolah Taneuh*

Taneuh anu rek dipake pepelakan ulah paradet, samemehna kudu diremuy (digarpuh/dipacul/diwuluku). Upama taneuh remuy bakal ngagampangkeun akar nyeuseup zat kadaharan. Batu jeung sabangsana nu bakal ngaganggu kudu disingkir-singkirkeun.

#### 2) *Milih Bibit/Binih*

Bibit/binih teh sisikian atawa pepetetan pelakkeuneun.

Bibit nu rek dipelak kudu bibit nu hade tur teu ngandung hama. Cara milih pibibiteun kudu nu hade turunanna. Lamun buah, kudu dipilih anu galede, pangalusna jeung kudu asak dina tangkalna bisi ngora bibit. Upama pepetetan, pilih pepetetan nu pangsuburna.

Dinas Pertanian jeung kalangan paguron luhur (perguruan tinggi) geus nalungtik rupa-rupa bibit nepi ka bisa milih bibit nu hade. Hasil panalungtikan teh geus aya di Dinas Pertanian (bagian bibit) atawa di toko bibit tatanen. Urang bisa ngamangpaatkeun hasil eta panalungtikan.

#### 3) *Nyebor/Myiram*

Pepelakan kudu dicebor/disiram sangkan tumuwuh. Nyebor pepelakan luyukeun jeung sipat pepelakan. Aya pepelakan nu tahan ku dicebor cai loba jeung aya nu henteu. Nyebor ulah ngaganggu akar/pucuk, bisi buruk.

Cara nyebor, aya nu bisa ku ngalirkeun cai ngaliwatan kamalir jeung aya nu bisa disiram ngagunakeun emrat.

Nyebor mindeng teuing (becrek teuing) kurang hade kana pepelakan. Komo lamun pepelakan teh ayana di tempat anu teu pati kasorot ku pa nonpoe.

#### 4) *Ngabasmi Hama*

Hama teh sato anu sok ngaruksak kana pepelakan. Nyegah hama leuwih hade batan ngabasmi. Pepelakan bisa dijaga tina serangan hama, saperti ku cara dipager,

dikokoprakan, jeung disemprot insektisida (*diazinon*).

5) *Ngaberak/Nyurubuk*

Pepelakan bisa leuwih subur lamun diberak. Berak anu digunakeun bisa: berak kandang, berak kompos, jeung atawa berak nu dihasilkeun ku pabrik, saperti TSP, urea, vitablum, jeung sajabana.

Ukuran make berak kudu diluyukeun jeung sipat pepelakan. Berak pabrik nu guruntulan/tablet ulah diberakkeun kana dapuran tangkal (kudu rada anggang, kira-kira satungtung daun pangjauhna).

Ku tarekah panggeuing kitu, patani najan boga lahan pepelakan saaub payung sacaang damar, ari enya-nya jeung nyaho cara ngolahna mah bisa ngadatangkeun hasil nu mucekil.

Jalma nu dakk tatanen make elmu pancausaha tani kamungkinan pinanggih jeung rambay alaeun raweuy beuweungeun, tegesna buncir leuit loba duit. Lamun hirup geus nepi ka dinya genah, basana kari ngararasakeun ladang kesang bari sideang. Sabalikna, jalma nu kedul moal boa gemah ripah loh jinawi teh ukur dina implengan.

**Jawab ieu soal!**

*Hidep geus narima informasi transkripsi rekaman "Tarekah Ngaronjatkeun Hasil Tatanen". Cing caritakeun atawa laporkeun ngeunaan ieu hal!*

1. Naon bae nu kaasup pancausaha tani?
2. Tanah samemeh dipepelakan kudu diolah heula, sangkan naon?
3. Kumaha akibatna kana tatanen lamun hama tatanen henteu dibasmi?
4. Kumaha akibatna kana tatanen lamun loba teuing berak?
5. Jalma nu daek tatanen make elmu pancausaha tani kamungkinan- na rambay alaeun

2. *Ngagunakeun Wangun Kecap Rundayan dina Wangun Kalimah Salancar*

**Tujuan:**

6. Siswa mampu memahami dan menggunakan bentuk kata (wangun kecap) dalam kalimat.

A. *RARANGKEN HAREUP: pa-, pang, JEUNG si-*

Dina "Tarekah Ngaronjatkeun Hasil Tatanen" aya kecap patani, panggeuing, jeung sideang. Eta kecap teh kaasup kecap rundayan. Run- dayan ku cara make rarangken hareup pa-, pang-, jeung si-.

- 1) Rarangken hareup *pa-* lamun ditambah kecap asal bisa:

- a. nuduhkeun nu ngalaksanakeunna sawaktu jeung bangun teu dihaja

Conto:

papanggih  
pateuteup  
padupak  
pabentar  
pagetreng  
paamprok

- b. nyieun kecap barang tina kecap pagawean:

Conto:

pagawe  
pamingping  
patani  
panulis  
padagang  
pamain

- 2) Rarangken hareup *pa-* lamun ditambah kecap nu make N- (nasal) bisa: nyieun kecap barang tina kecap pagawean:

Conto:

panakol  
pangala  
panalek  
panyaram

- 3) Rarangken hareup *pang-* lamun ditambah kecap asal bisa nuduhkeun parabot atawa jalma:

Conto:

pangdeudeul  
panglamar  
panguar  
panghulag  
panggeuing  
panganteur

- 4) Rarangken hareup *si-* lamun ditambah kecap asal bisa nuduhkeun migawe maneh atawa sikep badan:

Conto:

sibeungeut  
sideang  
sideku

#### B. RARANGKEN TENGAH: *-ar-/-al-*

Dina "Tarekah Ngaronjatkeun Hasil Tatanen" aya kecap paradet, jeung galedé. Eta kecap téh kaasup kecap rundayan. Rundayan ku cara make rarangken tengah *-ar-*, jeung *-al-*.

Rarangken *-ar-/-al-* nuduhkeun loba atawa leuwih ti hiji.

Rarangken tengah *-ar-* bisa robah jadi *-a/-*, *ar-*, jeung *ra-*, tegesna *-ar-* boga alomorf *-al-/-ar-/ra-* gumantung kana kecap nu dirarangkenanna (alomorf = anggota morfem nu sarua, nu variasi wangunna gumantung kana kecap nu dirarangkenanna).

*-ar-* bisa jadi *-al-* : bener - balener sabar - salabar  
pikir - palikir luhur - laluhur

*-ar-* bisa jadi *ar-* : asak - arasak iman - ariman

-ar- bisa jadi ra- : ihlas - arihlas eling - areling  
beng - rabeng cleng - racleng  
jol - rajol pung - rapung

### C. KALIMAH SALANCAR BASAJAN

Di kelas hiji caturwulan hiji pangajaran dua hidep geus diajar wanda kalimah (aktif, pasif, transitif, jeung intransitif). Dina ieu bahan hidep kudu diajar kalimah salancar basajan.

Titenan wangun kalimah salancar ieu di handap!

- 1) Kuring tani. (hiji jejer + hiji caritaan)
- 2) Kuring melak kembang. (hiji jejer + hiji caritaan + hiji obyek)
- 3) Kuring macul di sawah. (hiji jejer + hiji caritaan + hiji katerangan)

Kalimah 1) jeung 2) kaasup wangun kalimah salancar basajan, kalimah 3) kaasup wangun kalimah salancar jembar.

Kalimah salancar teh aya dua: kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar.

Kalimah salancar basajan = kalimah nu diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh make obyek, boh henteu (satu subjek dan satu predikat, baik memakai obyek maupun tidak). Kalimah salancar basajan nu make obyek bandingkeun jeung kalimah aktif transitif. Ari kalimah salancar jembar nu teu make obyek bandingkeun jeung kalimah inkansitif.

Kalimah salancar jembar = kalimah nu diwangun ku hiji jejer, hiji caritaan, jeung katerangan (satu subjek, satu predikat, dan keterangan).

### Pilih jawaban ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Kalimah salancar basajan nu make rarangken hareup pa-
  - A. Pancausaha tani ngarojong pangwangunan di padesaan.
  - B. Hama pare disemprot diazinon ti koperasi unit desa.
  - C. Bibit jagong alus mah nguntungkeun patani.
  - D. Panyebor ku kuring diteundeun di saung ranggon.
2. Conto kalimah salancar basajan nu ngagunakeun rarangken pang-
  - A. Panguar berak teh puhuna aya hileudan.
  - B. Pangajak pamarentah ku masarakat diturut di unggal tempat.
  - C. Kuring pangmelakkeun alpuket nu binihna bawa ti Bandung.
  - D. Patani nu teu ngagunakeun ilmu hasilna ukur cape jeung daki.
3. Rarangken tengah nu digunakeun dina kalimah salancar basajan
  - A. Barudak keur ngala buah tomat anggur.
  - B. Sararea melak tomat make cara hidroponik.
  - C. Berak urea nyuburkeun daun.
  - D. Tangkal kembang geus jarangkung ti bareto.

### Jawab ieu soal!

4. Rarangken -ar- boga alomorf naon bae?
5. Sebutkeun dua conto kalimah salancar basajan nu make rarangken!

### 3. *Ngagunakeun Wanda Kabeungharan Kecap Has jeung Istilah*

#### **Tujuan:**

4. Siswa mampu memahami dan menggunakan kata-kata umum dan khusus serta istilah dalam kalimat.

#### A. *ISTILAH TATANEN*

Hidep kungsi diajar istilah tatanen huma di kelas hiji, caturwulan dua, pangajaran hiji. Loba istilah nu sarua antara istilah tatanen huma jeung istilah tatanen sawah. Dina ieu pangajaran urang diajar istilah tatanen sawah (tingali tabel!).

#### B. *ISTILAH WAKTU JEUNG USUM-USUMAN*

Ngaran/istilah waktu jeung usum-usuman di unggal nagara teu sarua. Ngaran waktu/usum-usuman di Indonesia dipangaruhan ku kaayaan iklim, kagiatan tani, budaya, jeung tradisi. Upamana kaayaan iklim Indonesia jeung iklim Jepang beda, atuh istilah waktu jeung usum-usuman ge teu sarua. Kitu deui, kagiatan agraria jeung kagiatan industri bakal nimbulkeun istilah waktu jeung usum-usuman nu teu sarua.

Sawatara ngaran usum-usuman nu patali jeung tatanen di Indonesia aya dina tabel kaca 67.

#### ISTILAH TATANEN SAWAH

*No.*

*Ngaran Istilah*

*Keterangan*

ayeuh  
babut  
beuneur  
hapa  
jarami  
kumisi  
lendo  
morekat  
ngangler  
ngarambet  
ngarambet mindo  
ngawuluku  
ngayuman  
nyingkal  
pabinihan  
parigi  
pocong  
sawah carik  
sawah geledug  
tandur  
tebar

Pare nu rarebah lantaran ngecrek teuing hujan, tarik teuing angin, kacaahan, jste.

Ngarabutan binih pare di pabinihan tandurkeuneun.

Ngeusi pisan (buah pare).

Buah pare teu sikian, teu eusian.

Tangkal pare nu geus garing.  
Tangkal pare geus reuneuh.  
Subur, ngandung gemuk, alus keur pepelakan.  
Malik jarami, ngagarap tanah sataun dua kali.  
Ngararata taneuh meunang macul samemeh tandur.  
Miceunan jujukutan nu jaradi antara tangkal pare jeung tangkal pare di sawah.  
Ngarambet kadua kali.  
Nyambut ngagunakeun wuluku.  
Ngaganti pepelakan nu teu jadi atawa nu ruksak.  
Ngolah tanah (sawah) ku bagian wuluku nu ditapelan lanjam (seuseukeut wuluku tina beusi)  
Tempat ipukan pare.  
Solokan jalan cai, beunang nyieun.  
Eundan, satengah gedeng, sabeungkeut pare.  
Sawah desa anu hasilna pikeun kahirupan pamong desa, minangka gajihna.  
Sawah tadah hujan, sawah nu caina ku cai hujan.  
Melakkeun binih pare di sawah beunang ngangler.  
Nyieun ipukan pare.

## **ISTILAH WAKTU JEUNG USUM-USUMAN**

*No.*

*Ngaran Istilah Katerangan*

kasa  
karo  
katiga  
kapat  
kalima  
kanem  
kapitu  
kawolu  
kasonga  
kasadasa  
desta  
sada  
usum nyingkal  
dadangrat  
mamareng  
ngijih  
usum nyambut  
usum tandur  
usum ngaseuk  
usum panen

Usum mimiti melak palawija (kira-kira antara tanggal 22 Juni - 2 Agustus).  
Usum mimiti melak palawija kadua (2 Agustus - 25 Agustus).  
Usum halodo, usum panen palawija (26 Agustus - 1S September).  
Usum randu pentilan, usum melak cau (19 September - 13 Oktober)  
Usum mimiti turun hujan, usum koneng ngadaun ngora (14 Oktober - 9 November).  
Usum mimiti ngagarap sawah geledug, usum bubuahan mimiti karolot (10 November - 22 Desember).  
Usum tandur sawah geledug, usum caah jeung gede angin (23 Desember - 3 Februari).  
Usum pare reuneuh, usum loba hileud di kebon (4 Februari - 1 Maretl.  
Usum pare sawah geledug rampak, usum turaes ngear (2 Maret - 26 Maret).  
Usum malawija di tanah darat, usum pare sawah geledug beuneur hejo, usum manuk-manuk nyarayang (27 Maret - 19 April).

Usum malawija katompernakeun di tanah darat (12 Maret - 22 Juni).  
 Usum rumpak jami, kaayaan isuk-isuk tiris.  
 Usum ngolah tanah (sawah) ku bagian wuluku (12 Mei - 22 Juni).  
 Usum panyelang antara ngijih jeung halodo/katiga.  
 Usum mimiti rek ngijih, sabalikna tina dadangrat.  
 Usum loba hujan.  
 Waktu ngawuluku sawah samemeh dipelakan pare.  
 Waktu melak pare di sawah.  
 Waktu melak pare/palawija di huma.  
 Waktu ngala bubuahan (pare, suuk, rambutan, jste.).

**Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!**

1. Sanggeus panen tanah teh digarap deui, malik jarami sangkan lahan bisa digarap sataun dua kali, istilahna ....  
 A. morekat  
 B. sawah geledug  
 C. parigi  
 D. ngayuman
  
2. Sawah desa anu hasilna pikeun kahirupan parnong desa, minangka gajihna.  
 A. sawah lendo  
 B. sawah geledug  
 C. sawah carik  
 D. palawija
  
3. Dadangrat teh usum panyelang antara ngijih jeung halodo/katiga, ngaran usum ieu teh sabalikna tina usum .... (usum mimiti rek ngijih).  
 A. mamareng  
 B. katiga  
 C. kadasa  
 D. sada

**Jawab ieu soal!**

*Sampurnakeun ieu kalimah:*

4. Ngarambet teh miceunan .....
5. .... ngagunakeun singkal.

**B. MACA**

1. *Maca Puisi Buhun: Sisindiran jeung Guguritan*

Tujuan:

9. Siswa mampu memahami dan membedakan bentuk, isi, dan jenis karya sastra (puisi, prosa, drama).

(1) *Paparikan:*

PAPAR IKAN SILIASIH

*Parancah para bupati  
 sing saruhud sing gumati  
 pamarentah ngajak mukti  
 singkil lungsur ngiring bakti*

## PAPARIKAN PIWURUK

*Bulu taneuh ngajarerit  
ladang kesangna ngagejret  
dulur meugeus tong careurik  
harga ge pan bakal naek.*

## PAPARIKAN SESEBRED

*Hidroponik gaya anyar  
tani intelek tur praktis  
hirup leutik hayang beunghar  
tapi ngaleklek muringis*

(2) Rarakitan:

## RARAKITAN SILIASIH

*Hayu panggul pacul herang  
nyawahna pindah ka kaler  
hayu bantu dulur urang  
nyawahna euleuh kaboler*

## RARAKITAN PIWURUK

*Mun tadi urang geus tani  
kade poho kana salat  
mun tani urang geus mukti  
kade poho mayar jakat.*

## RARAKITAN SESEBRED

*Hayang teuing geura Senen  
rek geura ka Bantar Rujeg  
hayang teuing geura panen  
rek geura mayaran pajeg.*

(3) Wawangsalan:

## WAWANGSALAN SILIASIH

*Melakkeun pare di sawah (tandur)  
ngagedur rasa kanyaah*

## WAWANGSALAN PIWURUK

*Tempat melak lauk emas (kulah)  
Ulah elat mayar bimas*

## WAWANGSALAN SESEBRED

*Panglay nu rasana lada (jahe)*



*Pajar rame geuning rehe*

Wacana di luhur disebut sisindiran. Sisindiran ngawengku paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan.

Sipat/watek sisindiran (paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan) aya tilu: siliasih, piwuruk, jeung sesebred.

Kecap "sisindiran" kecap asalna sindir. Sindir = kecap atawa omongan pesekkeun atawa nu henteu togmol ditujukeun ka jalma anu di maksud ku nu nyarita. Sisindiran = basa anu dibalibirkeun direka make cangkang jeung eusi, lolobana murwakanti, sangkan endah tur ngandung karasmian sarta henteu nyentrag teuing karasana kana hate nu ngadenge.

Sarat wangun paparikan jeung rarakitan:

- Sapada diwangun ku opat padalisan
- Unggal padalisan diwangun ku dalapan engang
- Padalisan kahiji jeung kadua diwangun ku cangkang
- Padalisan katilu jeung kaopat diwangun ku eusi
- Sora tungtung kecap padalisan kahiji murwakanti jeung sora tungtung kecap padalisan katilu, sora tungtung kecap padalisan kadua murwakanti jeung sora tungtung kecap padalisan kaopat.

Kecap-kecap paparikan dina puhu padalisan henteu sarua, tapi kecap-kecap rarakitan mah dina puhu padalisanna aya anu sarua/ngarakit (sarakit = dua), bisa oge opat kecap puhu padalisan sarua.

Kecap wawangsalan (wawangsalan = wawangsuluan), kecap anu diwangsulkeun kana asal. Wangsul hartina balik. Wawangsalan mah eusi teh kudu sarua jeung wawangsuluan atawa bangbalikan kecap nu aya dina padalisan kahiji.

Wawangsalan aya tilu rupa: bangbalikan lanjaran, bangbalikan dang- ding, jeung paparikan dangding.

Wawangsalan bangbalikan lanjaran diwangun ku saajar cangkang jeung saajar eusi. Wawangsalan bangbalikan dangding diwangun ku cangkang jeung eusi nu aya dina sapada dangding atawa pupuh. Ari wawangsalan paparikan dangding diwangun ku sapada dangding cangkang jeung sapada dangding eusi.

*Conto wawangsalan di luhur kaasup wawangsalan bangbalikan lanjaran.*

**Jawab ieu soal!**

1. Sisindiran ngawengku
  - a.
  - b.
  - c.
2. Sipat/watek sisindiran
  - a.
  - b.
  - c.
3. Eusian!  
Parancah .....  
sing saruhud sing gumati  
pamarentah ngajak mukti  
singkil .....
4. Tuluykeun!  
Mun tadi .....  
kade poho kana salat  
mun tani urang geus mukti  
kade poho .....

5. Tempat melak lauk emas  
Ulah elat mayar bimas  
Naon wansalna ? .....

## B. *PUISI GUGURITAN LAMBANG, MIJIL, JEUNG DURMA*

Guguritan nya eta puisi anu disusun, didangding make patokan pupuh. kapedar dina pangajaran kelas hiji, jumlah pupuh 'boga patokan: guru wilangan, guru lagu, jeung aja pupuh Limbang, Mijil, jeung Durma.

### (1) Lambang

Cenah elmu katon gampang	I 8-a
ngaberak mah enteng pisan	II 8-a
hasilna geuning hanjakal	III 8-a
ngahurun balung ku tulang	IV 8-a

Pupuh Lambang watekna: banyol, heureuy, gogonjakan.

Guru wilangan pupuh Lambang sapadana aya opat padalisan. Guru wilangan jeung guru lagu unggal padalisan: 8-a, 8-a, 8-a, jeung 8-a.

Watek wacana di luhur heureuy ku omongan. Tina ungarana katangkep, yen datangna eta omongan teh ti jalma anu geus loma. Eta jalma teh nyahoeun waktu sobatna ngaberak. Jalma kasebut moal pati-pati mapatahan lamun sobatna bener ngaberakna. Anu dipapatahan kalah nganggap Onteng, akibatna pepelakan nu diberak teh batan subur kalah paeh. Nu mapatahan ngagonjak ka sobatna. Ucap-ucapan ki sobat waktu nyapirakeun papatahna, dibalikkeun deui ka ki sobat, dipake ngageuhgeuykeun. Ki sobat anu keur meunang kahanjakal teh digonjak satengah disindiran. Maksudna, pikeun ngahibur sobatna sangkan henteu katutuluyan hanjakal. Ku cara dipancing kitu, dipiharep sobatna jadi miluan heureuy.

Amanat nu dikandung dina wacana di luhur: "hade bodo alewoh, batan pura-pura bisa".

### (2) Mijil

Gusti kuma pelak pare abdi	I 10-i
digulung digembrong	II 6-o
diserang ku hama wefeng kabeh	III 10-e
wereng ngagulung matak muriding	IV 10-i
kuma cara ngusir	V 6-i
mahluk modbl kitu.	VI 6-u

Guru wilangan pupuh Mijil sapadana aya genep padalisan. Guru wilangan jeung guru lagu unggal-unggal padalisan: 10-i, 6-o, 10-e, 10-i, 6-i, jeung 6-u. Watekna: susah, sedih, cilaka, tiiseun, jempling.

Eusi wacana pupuh Mijil di luhur nyaritakeun juru tani anu sawahna diserang hama wereng. Ari hama wereng teh sato leutik sabangsa insekta model rorong haliber, sok ngagembrong pare/bubuhan.

Juru tani anu narima musibah kitu ngarasa sedih. Pangna sedih, lian ti hasilna teu kaala, oge sedih nenjo kaayaan pare anu keur digulung, digembrong ku hama pikawatireun. Baning ku loba-lobana wereng anu ngagembrong kana pelak parena nepi ka ngahudangkeun rasa muriding jeung bingung neangan cara ngusir mahluk Gusti model kitu.

Amanat nu dikandung dina wacana pupuh Mijil di luhur: "jalma anu iman ka Alloh tangtu percaya kana ayana titis tulis ti Ajali (papasten, kulak canggeum bagja diri)". Sangkan iman urang teu goncang, biasakeun sadrah narima rupa-rupa cocoba, pahing sikep ngarasula, sumawona aral subaha, lian ti eta barung ku tarekah pikeun

ngungkulanana.

Cocoba anu dideskripsikeun dina pupuh Mijil di luhur bisa dipake bahan tapakuraneun urang. Ku musibah sok loba jalma nu soak, lantaran teu siap narima cocoba sarupa kitu. Urang ulah waka peunggas harepan atawa putus harepan, tarima ku kaihlasan. Putus harepan kapan dicegah ku agama, anggursi coba deui, usahakeun sareatan tong kendat-kendat, bantu ku du'a pantengkeun ka Nu Mahakawasa. Tina usaha nu gagal ala hikmahna geusan pieunteungan usaha ka hareup. Insya Allah ku cara panarirria urang kitu, urang bakal sadrah narima kulak canggeum bagja diri (cocoba) ti Allah Mahakawasa.

### (3) Durma

Tanah satapak oge kudu mangpaat	I 12-a
tawis sukur ka Gusti	II 7-i
anu maparinna	III 6-a
pantang mundur ngolahna	IV 7-a
malar hasilna mucekil	V 8-i
bekel ibadah	VI 5-a
ka Gusti Mahasuci	VII 7-i.

Pupuh Durma boga watek: ngambek, pasea, gelut, perang.

Guru wilangan sapada pupuh Durma aya tujuh padalisan. Guru wilangan jeung guru lagu unggal-unggal padalisan: 12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, jeung 7-i

Pupuh Durma di luhur nyaritakeun perang ngalawan kamiskinan. Kamiskinan kudu diungkulan, diakalan sangkan urang teu jadi miskin. Urang kudu rancage, daek usaha, jeung getol digawe sangkan bisa hirup luyu jeung paribasa "Manuk hiber ku jany'angna, jalma hirup ku akalna. Mun teu ngakal moal ngakeul, mun teu ngarah moal ngarih, mun teu ngoprek moal nyapek". Ceuk papatah ge geuning "Kamerdekaan urang kudu dibajoangkeun ku urang."

Pupuh Durma di luhur nyaritakeun sumanget bulu taneuh (patani) dina ngolah taneuh. Eta sumanget teh ayana dina padalisan kaopat.

Bulu taneuh teh nyumangetan jeung mapatahan diri sorangan, malah nepi ka nyegah/mantrangan sorangan. "Pantang mundur ngolahna" kitu basana. Matak kitu oge, eta bulu taneuh teh ngarasa kadagingan ku hasil taneuh nu sasari diolah ku dirina. Ku kituna, manehna kudu "perang" ngagunakeun pacul ngolah taneuh. Taneuh satapak age euweuh anu dikosongkeun, kabeh dipelakan, dimangpaatkeun. Nu dipalar tina hasil pepelakan teh bisa ngadatangkeun hasil anu mucekil. Hasil tani teh diancokeun pikeun bekel ibadah ka Gusti Nu Mahasuci.

Amanat wacaba ououh Durma di luhur "bekel ibadah kudu disiapkeun ti anggalna, sangkan tengtrem ibadah"

### **Pilih jawaban ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!**

1. Watek pupuh lambang
  - a. heureuy
  - b. perang
  - c. ngambek
  - d. sedih
2. "Tanah satapak oge kudu mangpaat"
  - a. padalisan kahiji pupuh Durma
  - b. padalisan kahiji pupuh Lambang
  - c. padalisan kahiji pupuh Mijil
  - d. padalisan kahiji pupuh Ladrang

3. "K Gusti Mahasuci"
  - a. padalisan panutup pupuh Durman
  - b. padalisan panutup pupuh Lambang
  - c. padalisan panutup pupuh Mijil
  - d. padalisan panutup pupuh padalisan panutup pupuh Kinanti

**Jawab ieu soal!**

4. Watek pupuh Mijil ...
5. Watek pupuh Durma ....

2. *Babasan jeung Paribasa*

**Tujuan:**

5. Siswa mampu memahami dan menggunakan ungkapan (babasan, paribasa, dsb.)

Dina wacana guguritan pupuh Lambang aya babasan "ngahurun balung ku tulang" hartina nangkeup tuur nandakeun keur susah. Ieu di handap aya conto babasan jeung paribasa nu aya patalina jeung tatanen.

A. *BABASAN*

- Jalma nu wekel mah bakal pinanggih jeung rambay alaeun raweuy beuweungeun. (Rambay alaeun raweuy beuweungeun hartina = subur makmur, loba dahareun hasil tani)
- Boga sawah saicak oge, ari digarap make pancausaha tani mah geuning hasilna teh mucekil. (Boga sawah saicak = boga sawah saeutik).
- Sanggeus meunang penyuluhun pertanian manehna jadi buncir leuit loba duit. (Buncir leuit loba duit = taya kakurang)
- Indonesia kiwari geus jadi nagara gemah ripah loh jinawi. (Gemah ripah loh jinawi = gegek cacah jiwa sarta raharja/makmur teu kurang sandang pangan)
- Lamun patani teu daek ngokolakeun pakaya aya kamungkinan bakal ngalaman kokoro nyoso malarat rosa. (Kokoro nyoso malarat rosa = kacida malaratna)

Babasan nya eta ucapan matok nu dipake dina harti injeuman. (Djayawiguna jeung Kadarieman, 1983: 3).

B. *PARIBASA*

- Di nagara agraris kaayaan lieuk euweuh ragap taya bisa diungkulan ku ngintensifkeun lahan pertanian. (Lieuk euweuh ragap taya = teu boga naon-naon, malarat)
- Najan tanah saaub payung sacaang damar mangpaatkeun ku tatanen warung hidup. (Saaub payung sacaang damar = lahan atawa pakaranggn heureut)
- Ari diarah supana kudu dijaga catangna sangkan mangpaatna manjang. (Ari diarah supana kudu dijaga catangna = ari aya barang anu diala hasilna kudu daek ngurusna)
- Ulah mopo memeh nanggung arek melak melon mah! (mopo memeh nanggung = wegah memeh ngalaksanakeun hiji pagawean)
- Nyemprot hama keur hujan gede mah sarua bae jeung ngawurkeun wijen kana keusik. (ngawurkeun wijen kana keusik = pagawean anu mubadir)

Paribasa nya eta ucapan matok saeutik patri nu mangrupa siloka lakuning hirup. (Djawawiguna jeung Kadarisman, 1983: 3).

Conto-conto paribasa jeung babasan urang bisa maca dina buku Babasan jeung Paribasa, 700 Paribasa Sunda, jeung dina Kamus Umum Basa Sunda.

**Jawab ieu soal!**

*Tuluykeun ieu kalimah!*

1. Hirup rambay alaeun raweuy beuweungeun ...
2. Tujuan gemah ripah loh jinawi ...
3. Ari diarah supana kudu dijage catangna ...
4. .... ngawurkeun wijen kana keusik.
5. .... saaub payung sacaang damar .....

**Pangjembar**

Baca genep babasan jeung genep paribasa nu aya dina buku Babasan jeung Paribasa!